# JÁMIYETLIK HÁM EKONOMIKALÍQ ILIMLER

**Tariyx. Huqıqtanıw**

## ПРЕЗИДЕНТ ШАВКАТ МИРЗИЁЕВ – МИЛЛЕТЛЕРАРА ҲӘМ ДИНЛЕРАРА ТАТЫЎЛЫҚ ҲАҚҚЫНДА

**С.Абаев –** *философия илимлериниң кандидаты, доцент*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*
**М.Якубов –** *философия илимлериниң кандидаты, доцент*
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*
**М.Сарыбаев –** *тарийх илимлериниң докторы*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** Янги Ўзбекистон, стратегия, ренесанс, диний бағрикенглик, миллатлараро тотувлик, ҳамжиҳатлик, дўстлик, илоҳиёт, радикализм, миллий марказ, байналмилал, интернационализм, ўзаро меҳр.

**Ключевые слова:** Новый Узбекистан, стратегия, ренессанс, религиозная толерантность, межнациональное согласие, дружба, теология, радикализм, национальный центр, интернационализм, содружество, милосердие.

**Key words:** New Uzbekistan, strategy, Renaissance, congregation, international agreement, friendship, theology, radicalize, national center, international, concord, charity.

Дүнья халықларының раўажланыў тәжирийбеси, пуқаралар аралық, миллетлерproperties аралық ҳәм динлераралық татыўлықты тәмийинлеў жәмийеттиң табыслы алға илгерилеўиниң әҳмийетли шәрти ҳәм зәрүрли нызамлылығы екенлигин көрсетеди. Бул қағыйданы басшылыққа алған Өзбекстан Республикасының ҳүкимети ғәрезсизликтиң дәслепки жылларынан баслап-ақ көп миллетли, көп конфессиялы демократиялық мәмлекетке сай сиясатты дурыс илимий тийкарда белгилеп алыўға айрықша итибар берди.

Бүгинги қурамалы глобалласыў ҳәм информацияласыў заманында миллетлерара ҳәм динлерара мүнәсибет және татыўлық мәселеси жәмийетимиздиң раўажланыўының оғада әҳмийетли қубылыслары сыпатында жүзеге шықпақта. Бул саладағы ислерди және де даўам еттириў, жетилистириў ҳәм тереңлестириў ең әҳмийетли ўазыйпалардан болып қалмақта. Президентимиз Шавкат Мирзиёевтың **«Жаңа Өзбекстан стратегиясы»** атлы китабында миллетлерара ҳәм динлер ара татыўлық мәселесине үстинликке ийе мақсет сыпатында айрықша орын берилген. Ол өзиниң мийнетинде, бүгинги дәўирдеги жағдайды баҳалай отырып «мәмлекетимизде түрли миллет ҳәм динге тийисли инсанлар ортасында дослық ҳәм аўызбиршиликти және де беккемлеў биз ушын барған сайын оғада әҳмийетли болып бармақта. Ҳеш гүмансыз, бул бизиң елимизде тынышлық ҳәм турақлылықтың беккем кепили, халқымыздың дөретиўшилик имканиятларын, оның ертеңги күнге болған исеними асырыўдың тийкары болып хызмет қылмақта» [3:305] – деген еди.

Бизиң журтымыз әзелден көп миллетли халық, әсирлер даўамында түрли миллет ҳәм елат, мәдений ҳәм дин ўәкиллери өз ара келисимде тыныш татыў жасап келген. Миймандослық, бир биреўге жақсылық ислеў, сөздиң шын мәнисиндеги кеңпейиллик халқымыздың менталитетиниң тийкарын қураған. Бул пикиримиздиң жарқын дәлили миллий тарийхымызда миллетлерара яки динлерара келиспеўшиликлер тийкарында урыс-жәнжеллер болмаған.

Миллетлерара татыўлық идеясы – улыўмаинсаный қәдирият болып, түрли халықлардың бир аймақта бирликте, тыныш-татыўлықта жасаўын аңлатады, регионның ҳәм мәмлекетлердиң раўажланыўын белгилейди. Ҳәзирги ўақытта жер шарында 1600 ден аслам миллий-этникалық топарлар бар болып, олардың ҳәр қайсысы өзине тән, бийтәкирар қәдириятларға ийе, дүньяның ҳақыйқый байлығы. Олар арасында аўызбиршиликти, өз ара бирге ислесиўди, демократиялық тийкарда қарым-қатнасларды тәмийинлеў дүньялық ҳәм регионаллық көлемде тынышлық ҳәм турақлылықты сақлаўдың ҳақыйқый кепили болып есапланады. Миллетлерара мүнәсибетлер социаллық, руўхый-әдеп-икрамлылық қубылыс. Ҳәр бир миллет өзин-өзи аңлаўы, өзлигин тиклеў процесинде басқа миллетлерди өзи менен тең көриўи, оларға дослық ҳәм әдалатлы қатнаста болыўы талап етилди, яғный миллеттиң өзин өзи миллет сыпатында аңлаўының негизине ҳәр бир инсанның басқа қәлеген инсанды өзиндей инсан сыпатында тән алыўы принципи қойылады.

Өзбекстан Республикасы полиэтникалық мәмлекет болып, бүгинги күнде бул жерде 130 дан артық миллет ҳәм халықлардың ўәкиллеринен ибарат болған 35 миллионнан аслам халық жасайды. Соның ушын да Өзбекстандағы ишки сиясий аўҳалдың турақлылығы, миллий қәўипсизлик ҳәм жәмийетлик экономикалық раўажланыўдың дәрежеси усы миллетлердиң аўызбиршилигине, сиясатты қоллап-қуўатлаўына байланыслы. Өзбекстанда илимий тийкарланған, пүткил халқымыз толық қоллап-қуўатлайтуғын миллий сиясат алып барылмақта.

Елимиздеги барлық миллетлерге, олар қаншелли аз санда болыўына қарамастан, ҳәммесине теңдей айрықша иззет-ҳүрмет көрсетилип турыпты. Өзбекстанда көп миллетлилик қубылысы алға раўажланыўдың, Жаңа Өзбекстанды қурыўдың факторы дәрежесине көтерилген. Өзбекстан Республикасының экономикалық, мәдений, руўхый-ағартыўшылық салаларында ерискен табысларында барлық миллетлердиң үлесиниң бар екенлиги сөзсиз.

Журтбасшымыз Шавкат Мирзиёев журтымыздағы миллетлерара қатнасықта баҳа берип былай дейди: «Кеңпейиллик ҳәм инсансүйиўшилик мәдениятты раўажландырыў, миллетлерара ҳәм пуқаралар ара аўызбиршиликти ҳәм татыўлықты беккемлеў, жас әўладты сол тийкарда Ўатанға муҳаббат руўхында тәрбиялаў мәмлекетимиз сиясатында әҳмийетли үстинликке ийе бағдарлардан бирине айланған» лығын көрсетип өтти [3:306].

Республикамызда қолға қол усласып жасап атырған ҳәр қыйлы миллет ўәкиллериниң мәденияты, үрп-әдет ҳәм дәстүрлерин сақлаў, оны және де раўажландырыў ушын барлық зәрүр шараятлар жаратылған. Журтымызда көплеген миллий мәдений орайлардың жумыс алып барып атырғаны бул пикиримиздиң айқын дәлили. Өзбекстанда жасаўшы бәрше миллетлерге айрықша ҳүрметтиң белгиси сыпатында олардың саны ҳәзир 140 тан асып кеткенин, соның ишинде ҳәзир Қарақалпақстанда қазақ, түркмен, рус, кореец, украин мәдений орайларының ислеп турғанын айрықша атап көрсетиў мүмкин. Миллий мәдений орайлар миллетлердиң тилин, мәдениятын, менталитетин сақлаў, бойынша жемисли ислер алып барыўы менен бирге Жаңа Өзбекстанды дөретиўге өз үлеслерин қоспақта.

Елимизде 30-июль «Халықлар дослығы» күни деп белгиленди ҳәм «Халықлар дослығы» көкирек нышаны шөлкемлестирилди.

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2017-жыл 19-майдағы «Миллетлераралық қатнасықларды ҳәм шет еллер менен дослық байланысларды буннан былай да жетилистириў илажлары ҳаққында»ғы Пәрманы миллий-мәдений орайлардың жумысын бүгинги күнниң руўхында шөлкемлестириў, сырт еллер менен мәдений-ағартыўшылық байланысларды кеңейтиў бағдарында жаңа имканиятларды ашып берди.

Жақында Нөкис қаласында «Дослық үйи»ниң ашылыўы, онда Республикамыздағы барлық миллий орайлардың, соның ишинде бурын районларда жайласқанларының да, ис алып барыўларына мүмкиншиликлердиң туўдырылыўы бул орайлардың жемисли ислеўине алып келеди.

Президентимиз Шавкат Мирзиёевтың китабында Жаңа Өзбекстанды қурыў процесинде миллетлерара қатнасықты жаңа басқышқа көтериўге қаратылған мақсет ҳәм илажлар айқын көрсетилип берилген [2:295-296].

Сондай-ақ, шет мәмлекетлер менен дослық байланысларын және де раўажландырыў, миллетлерара мүнәсибетлер саласындағы мәмлекетлик сиясатты әмелге асырыўда мәмлекет органлар ҳәм шөлкемлериниң жергиликли орынлаўшы ҳәкимият органларының пуқаралық жәмийети институтлары менен, соның ишинде, ғалаба хабар қураллары менен өз ара бирге ислесиў механизмлерин жетилистириў, шет ел мәмлекетлери менен дослық байланысларды және де раўажландырыў, республикамызда жасап турған түрли миллет ҳәм елат ўәкиллериниң тили, мәденияты, дәстүр ҳәм үрп-әдетлерин сақлаў ҳәм раўажландырыў бойынша қосымша жағдайлар жаратыў, жәмийетте көп миллетли үлкен бир пүтин шаңарақ сана-сезимин және де беккемлеў, мәмлекетимиз аймағында ҳәм оннан тысқарыдағы пуқараларымыздың ҳуқықлары, еркинликлери ҳәм нызамлы мәплерин қорғаў илажларын әмелге асырыў, миллетлерара мүнәсибетлердиң шөлкемлестириўшилик ҳуқықый тийкарларын және де жетилистириў ўазыйпалары қойылған.

Мәмлекетимизде 16 конфессияға тийисли диний шөлкемлер еркин искерлик көрсетпекте. Өзбекстан Республикасы Конституциясының ҳәм «Ҳүждан еркинлиги ҳәм диний шөлкемлер ҳаққында»ғы жаңа редакциядағы нызамның қабыл етилиўи нәтийжесинде дин саласындағы сиясаттың тийкарғы принциплери ҳәм ҳуқықый тийкарлары ислеп шығылды, пуқаралардың ҳүждан ҳәм исеним еркинлиги тараўындағы ҳуқықларын қорғаў бойынша бүгинги күнде комплексли илажлар әмелге асырылмақта. Бул ислердиң әҳмийети туўралы Президентимиз «Биз халқымыз, бәринен бурын жас әўладымыз, сондай-ақ, жәҳән жәмәәтшилигине ислам дининиң инсансүйиўшилик мәнисин жеткериўди ең әҳмийетли ўазыйпа деп есаплаймыз» [3:310] - деп атап көрсетеди. Орайлық Азия, атап айтқанда, Өзбекстан диний кеңпейиллилик әмелге асқан аймақ. Бул жерде әййемги дәўирлерден-ақ ҳәр қыйлы мәденият, тил, үрп-әдет, турмыс тәрзине ийе болған, ҳәр қыйлы динлерге исенген бир нешше халықлар жасаған. Алымлардың көрсетиўинше, бизиң регионымызда оннан артық динлер болған, атап айтқанда әййемги дәўирлерден баслап журтымызда зардуштийлик, буддизм, христиан, иудаизм, кейин ала ислам узақ дәўирлер биргеликте жасап келген. Мәдeният орайлары болған қалаларда түрли динлерге тийисли сыйыныў үйлери: мешит, ширкеў, синагоглар өз ара келисимде ислеп турған. Журтымызда жасаған қәўимлер ҳәм халықлар өзлери қабыл еткен динлерге емин-еркин ибадат еткен. Түрли динлерге исенген адамлар тынышлық ҳәм татыўлықта жасап, жәмийеттиң экономикалық, социаллық, мәнаўий раўажланыўына өз үлеслерин қосып келген.

Ғәрезсизлик дәўиринде, әсиресе соңғы жылларда Өзбекстан диний кеңпейилик ҳәм өз ара диний келисим саласында басқаларға өрнек болмақта. Буны атақлы мәмлекетлик ғайраткерлер ҳәм диний шөлкемлердиң басшылары тән алмақта. Өзбекстан ҳүкиметиниң диний кеңпейиллилик сиясатының нәтийжесинде елимизде тек исламға ғана емес, ал басқа диний конфессияларға еркин ислеўге жағдай дүзилген. Оқыў-тәрбия ислеринде жасларымыз тек ислам дини ҳаққында емес, улыўма дүньядағы бар болған барлық динлер, олардың тарийхы, мәниси- мазмуны ҳаққында тыянақлы билимге ийе болсын, деген талап әмелге асырылмақта.

Соңғы жыллары ислам мәдениятына тийисли материаллық ҳәм руўхый естеликлерди қайта тиклеў, зыяратханалар, муқаддес орынларды абаданластырыў жедел әмелге асырылмақта. Олардан Ташкенттеги «Ҳәзирети Имам», Самарқандтағы «Имам Бухарий», Бухарадағы «Бәҳәўатдин Нақшбанд», Сурхандәрьядағы «Ҳәким ата ат-Термизий» комплекслери ҳәм басқа да зыяратханаларды айтыўға болады. Президентимиздиң Пәрманы менен Өзбекстан Халықаралық Ислам Академиясы, Имам Бухарий, Имам Термизий, Имам Матуридий халықаралық илимий изертлеў орайлары шөлкемлестирилди. Сондай-ақ, Президентимиз усынысы менен ислам дининиң айрықша бағдарлары бойынша билимли қәниге болыўға таярлайтуғын илимий мектеплер шөлкемлестириў әмелге асырылмақта. Атап айтқанда, Самарқандта – Имам Бухарий илимий орайында ҳәдистаныў, Имам Матуридий орайы жанында Калом илими, Ферғанада – Марғинаний илимий орайында ислам хуқықы мектеби, Бухарада – Нақшбанд орайында тәсәўуиф, Қашқадарьяда – Абу Мумин Насафий орайында акида илими мектеплери ис жүритпекте.

Журтымыздан жетилисип шыққан уллы улама-ислам ойшылларымыздың юбилейлери өткерилмекте. Имам әл-Бухарий, Имам ат-Термизий, Хожа Ахмед Яссаўий, Бәҳәўатдин Нақшбанд, Шайх Нажмиддин Кубра, Имам Матуридий, Бурханиддин Марғинаний, Абдухалқ Ғиждуваний, Абу Мумин Насафий, Хожа Ахрар Ўалий, Заңги ата, Сулайман Бақырғаный ҳәм тағы басқалардың илимий мийрасы кеңнен изертленбекте ҳәм халық арасында нәсиятланбақта. Оларға орнатылған естеликлер қайтадан оңланды яки жаңадан қурылды, юбилейлери халық аралық көлемде өткерилди. Қурани Кәримниң өзбек, қарақалпақ тилине аўдармасының ҳәм басқа да уламалардың шығармаларының, христиан динине тийисли Библия ҳәм басқа да исламий әдебиятлардың өзбек тилинде басып шығарылыўы халқымыздың мәдений турмысындағы үлкен ўақыялар болды.

Ҳәзирги заманда адамзат ушын үлкен кәўип болып турған экстремизм ҳәм терроризм диний кеңпейлик идеясы ҳәм әмелиятына пүткиллей қарсы келеди. Диний экстремизм динди жалаў қылып, терроризм арқалы адамларда қорқыныш ҳәм қәўетерлениў сезимлерин пайда етип сиясий ҳәкимиятты қолға алыўға, халықлардың жер асты ҳәм жер үсти байлықларын талаўға умтылады. Бул мақсетке ерисиў ушын ол ҳәрқандай жиркенишли ҳәм қәўипли қураллардан пайдаланыўдан бас тартпайды. Президентимиз Шавкат Мирзиёев дин ғайраткерлери ҳәм республиканың жәмийетшилиги менен өткерилген әнжуманда сөйлеген сөзинде халықаралық терроризм ҳәм радикализм, экстремизм, терроризмниң үлкен қәўип екенлигин ҳәм оған қарсы гүрес бойынша алдымызда турған ўазыйпаларды баян етти. Ең тийкарғысы, идеологиялық бослыққа жол қоймаўымыз, турақлы ҳәм системалы түрде ҳәр күни, ҳәр саатта

үгит-нәсият алып барыўымыз, ислам динимиздиң ҳақыйқый мәнисин, оның зорлыққа, бузғыншылыққа, бийгүнә инсанлардың қанын төгиўге пүткиллей қарсы екенин дүньялық ҳәм диний илимлер тийкарында дәлиллеп барыўымыз зәрүрлигин уқтырды.

Президентимиз атап көрсеткениндей, **«Ислам дини-бәринен бурын, тынышлық ҳәм дослық, аўызбиршилик ҳәм татыўлық, илим ҳәм ағартыўшылық дини»** [2:297] екенлигин оның пүткил раўажланыў тарийхы айқын көрсетип турыпты. Биз ислам динин әзелий қәдириятларымыздың өзеги ҳәм қорғаўшысы сыпатында қәдирлеймиз. Ислам бәрҳама адамларымызды жақсылыққа, әдиўлиликке, тынышлыққа, басқа инсанларға иззет-ҳүрмет етиўге шақырып келген. Соның ушын да биз оны зорлық ҳәм қан төгиў мақсетинде пайдаланыўға қарсы шығамыз. Президентимиз Шавкат Мирзиёевтың сессияларында ислам дининиң адамзат ушын қәдир-қымбаты туўралы айтқан пикирлери тек ғана ислам дүньясы тәрепинен ғана емес, ал пүткил жәҳән жәмәәтшилиги тәрепинен унамлы баҳаланды. БМШның Бас Ассамблеясының 72-сессиясында **«Руўхый ағартыўшылық кеңпейилик»** [2:299] деп аталған айрықша резолюциясын қабыллаў ҳаққындағы усыныстың Өзбекстан Республикасы Президенти тәрепинен ортаға қойылыўы ҳәм оның кейин ала бир аўыздан қабыл етилиўи бул пикиримиздиң айқын дәлили болып табылады.

Муқаддес ислам дининиң инсансүйиўшилик дин екенлигин, адамзатты жоқары мәнаўиятқа ҳәм билимлиликке шақыратуғынлығын, алым ҳәм улама ата-бабаларымыздың Биринши ҳәм Екинши Ренессанстың дөретиўшилеринен болғанлығын изертлеў ҳәм нәсиятлаў бүгинги күндеги әҳмийетли ўазыйпалардан болып есапланады.

Жуўмақлап айтқанда, буннан кейин де журтымызда жасап атырған барлық миллет ҳәм елатлар ортасында өз ара ҳүрмет ҳәм аўызбиршиликли орталықты беккемлеў, түрли диний конфессиялар ушын тең ҳәм қолай шараят жаратыўға қаратылған сиясат үзликсиз түрде даўам еттириле береди.

**Әдебиятлар**

1. Ўзбекистон Республикаси Конституцияси. -Т.: «Ўзбекистон», 2023.
2. Мирзиёев Ш.М. Жаңа Өзбекстан раўажланыў стратегиясы толықтырылған басылымына тийкарланған қарақалпақша биринши басылымы. –Нөкис: «Қарақалпақстан» 2022. 440-б.
3. Мирзиёев Ш.М. Янги Ўзбекистон стратегияси. -Т.: «Ўзбекистон», 2021.
4. Мирзиёев Ш.М Жаңаланған Конституциямыз Үшинши Ренессансты қурыў жолында беккем ҳуқықый тийкар болып хызмет етеди. /«Еркин Қарақалпақстан», 21-январь 2021.

**РЕЗЮМЕ.** Мақолада Президентимиз Ш.Мирзиёевнинг асарлари асосида миллатлараро тотувлик ва диний бағрикенглик ғоясининг мазмун моҳияти атрофлича ёритилган.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматривается сущность идеи межнационального согласия и религиозной толерантности на основе трудов Президента Ш.Мирзиёева.

**SUMMARY.** The article deals with the notion of ideas international agreement and religious tolerance on the basis of works of President Sh.Mirziyoyev.

## АМУДАРЁ БЎЛИМИНИНГ ТАШКИЛ ЭТИЛИШИ ВА УНИНГ КУНДАЛИКЛИ МАЪМУРИЙ ҲУДУДИЙ БОШҚАРИЛИШ ТИЗИМИ

**А.Абдуллаев –** *тарих фанлари бўйича фалсафа доктори, доцент*
*Ажиниёз номидаги Нукус давлат педагогика институти*

**Таянч сўзлар:** Амударё бўлими, суд, Хива, Россия, гандимиён, суд тизими, маъмурий, Марказий Осиё, Генерал-губернатор, комиссия, округ, Туркистон, вилоят суди, халқ суди, прокуратура, нотариус, низом, съезд.

**Ключевые слова:** Амударьинское отделение, суд, Хива, Россия, Гандимян, судебная система, административная, Средняя Азия, генерал-губернатор, комиссия, уезд, Туркестан, областной суд, народный суд, прокуратура, нотариус, закон, съезд.

**Key words:** Amudarya department, court, Khiva, Russia, Ghandimian, judicial system, administrative, Central Asia, Governor General, commission, district, Turkestan, regional court, people's court, prosecutor's office, notary, statute, assembly.

Ҳалқ ва миллатларнинг ҳудудий-географик жойлашуви, табиий шароити, иқлими, шарт-шароитлари ўша жойда яшовчи аҳолининг келиб чиқишига, кундаликли хаётига, менталитетига таъсир қилиши табиий ҳол, албатта. Дунёнинг кўпгина минтақалари каби Марказий Осиё тарихида Орол денгизи ва унинг атрофида яшовчи халқларнинг ижтимоий-сиёсий ҳаёти, турмуш тарзи, дунё ҳамжамиятидаги ўрни ва роли ниҳоятда аҳамиятлидир.

Россия империясининг босқини арафасида эса, ҳудудда ўзига хос равишда бошқарув тизими шаклланган ва такомиллашган.

1873 йил Хива хонлигини Россия империяси босиб олгандан кейин, ўлкада ижтимоий-сиёсий, иқтисодий ҳаётида ва бошқарув тизимида қатор ўзгаришлар юз берди.

Мазкур даврда Амударё бўлимини бошқарув тизимини шартли равишда икки босқичга бўлиб ўрганиш мумкин: Биринчи босқич - 1873-1886 йилларни, иккинчи босқич - 1887-1917 йилларни ўз ичига олади.

Шунингдек, махсус 18 моддадан иборат «Амударё округини бошқаришнинг мувақкат низоми» [1] шахсан Туркистон генерал губернатори К.П.Кауфман томонидан 1873 йил 26 августда тайёрланган. Низом унинг 1-моддасида округнинг Россия империяси таркибига киритилганлиги, 2-моддасида унинг ҳудуди аниқ белгилаб берилди, яъни округ таркибига собиқ Қизилкум тумани ҳудудининг бир қисми, шимолда Букан тепаликлари ва шарқдаги Оқтаў тоғлари водийсигача бўлган қум чегараларигача бўлган жойлар киритилди. Сирдарё вилояти ва Округнинг чегарасини аниқ белгилаш Сирдарё вилояти Ҳарбий губернатори ва Амударё округи бошлиғининг ўзаро ихтиёрий келишувга тақдим этилди.

Амударё бўлими Хива билан чегарадош бўлиб, унинг ғарбидаги Талдиккача, Сирдарё вилояти билан эса – Бухоронинг Ғиждувон шаҳридан Бишкак қудуғи орқали, Аристон Бел-кудуқ ва Аяк оралиғидан Бухоро чегараларигача бўлган ҳудудни эгаллаган. Шунингдек, Урок, Дарвоза, Балқашти, Тахтатаў ва Қос-кудуқ тепаликларидан Перовскгача бўлган ҳудуд белгиланган. Бухоро амирлиги билан эса, Амударёнинг ўнг соҳилидаги Мишекли урочищедан Аристон Бел-қудуғигача бўлган ерлар кирган. Унинг шарқий ва жанубий чегаралари денгизгача ва унинг ёнидаги ирмоқларгача бўлган ҳудуд белгиланган [2:54].

10-14-моддаларга асосан умумий ер ҳажмига аниқлик киритилгунча ердан фойдаланиш, солиқ йиғиш миқдори округ бошлиғи ёрдамчилари билан танобчилар ёрдамида тахминан белгиланган ва 1873 йилги «Туркистон ўлкасини бошқариш тўғрисида низом»да кўрсатилганидек амалга оширилган. Бозорда солиқ тўплаш 1874 йил 1 январдан бошланган. Махсулот олиб келган Бухоро ва Қўқон савдогарлари карвонларидан закот олинган, Хива савдогарлари эса, закот тўлашдан озод этилган.